

**AVÈTISMAN:** Eleman debaz pwodwi oswa sèvis sa a disponib sèlman an Anglè: pa egzanp, dokiman kontra yo, divilgasyon legal yo, epi kominikasyon sèvis ki gen rapò ak pwodwi oswa sèvis la pral bay epwi yo dwe egzekite (kote li ta dwe aplike a) an Anglè. PNC fè efò pou l ofri anpil sèvis sipò lang, men tanpri fòk ou konnen anjeneral pwodwi oswa sèvis la pral akonpli epi sèvi an Anglè. Tèm ak kondisyon prodwi PNC yo estandadize: byenke kondisyon yo ka varye selon reyalite aplikasyon an (sa gen ladan de karakteristik prodwi kliyan chwazi a), admisyon varyasyon yo deja detèmine pakonsekans anplwaye PNC yo pa gen oken otorite pou yo negosye tèm varyasyon an avèk oken moun.

### Resous Lang PNC

Tanpri gade nan [PNC.com/Language](https://www.pnc.com/Language) pou jwenn enfòmasyon anplis sou Sipò ki disponib pou Lang.

#### Prè Tradisyonèl pou Machin l

Prè Tradisyonèl pou Machin yo pèmèt ou prete yon montan espesifik pou ka refinanse yon prè machin ou gen kounye a, achte yon kontra lokasyon ki egziste deja, oubyen achte nan men yon dilè oubyen nan men yon moun prive. Aplike sou entènèt la epwi jwenn yon reponsnan kèk minit.



#### Prè Check Ready pou Machin

Garanti finansman w anvan ou vizite yon dilè kalifye pou w achte avèk konfidans. Aplike sou entènèt epwi jwenn yon repons nan kèk minit.



## Karakteristik Prensipal yo

### Prè Check Ready pou Machin

Si w aplike epwi yo approve w pou yon Prè Check Ready pou Machin konsomatè PNC a:

- Ou pral resewwa yon chèk ki ka itilize pou achte yon machin nèf oubyen yon dezyèm men nan yon dilè ki kalifye. Ou ka ekri chèk la sèlman jiska limit presize ki ekri sou li a. Montan prè ki posib la y varye ant \$7,500 ak \$75,000. Ka gen restriksyon konsènan de ki kalite de machin ou ka achte lè w sèvi avèk yon prè Check Ready. Kapab genyen tou restriksyon sou montan chèk la pa rapò ak valè machin nan. Al Gade nan Akò Prè ak Sekirite a pou plis detay.
- Si w pa itilize chèk la pou achte yon machin nan lespas yon espas de 30 jou apre yo fin prente li, chèk la ap vin ekspire, epwi ou p ap gen prè a nan men PNC.
- Ou pral oblije remèt montan prè a, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen, sou yon peryòd tan ki fikse. Ou ka peye montan prè a alavans nenpòt ki lè san penalite, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen.
- Machin ou achte a pral sèvi kòm garanti pou prè a. Si w pa peye prè a, PNC ka sezi machin la epwi li vann li pou konpanse montan prè sa a, plis tout lòt enterè ak nenpòt lòt frè ki akonpanye l.
- To enterè sou prè sa a pral fiks, sa vle di li pap chanje chak mwa.<sup>1</sup>
- Ou pral resewwa yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. Ou ta dwe li chak rapò sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan l montan ou dwe peye mwa sa a, montan total prè a, epwi montan total ou te peye jiskaprezan, ansanm ak lòt enfòmasyon ak divilgasyon enpòtan sou kont sa a.
- Ou genyen diferan opsyon pou fè peman nan PNC, seswa retrè otomatik nan yon kont separe, oubyen Sèvis Bankè Sou Entènèt PNC a oubyen Aplikasyon Telefòn PNC an, nan sèvis telefòn nan, nan yon ofis local PNC, oubyen pa kourye.

(swit)

### Prè Tradisyonèl pou Machin l

Si w aplike epwi PNC approve w pou yon p prè tradisyonèl de konsomatè:

- Ou pral resewwa yon montan prè ki fiks. Montan prè sa yo varye ant \$5,000 ak \$100,000.
- Ou pral oblije remèt montan prè a, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen, sou yon peryòd tan ki fikse. Ou ka peye montan prè a alavans nenpòt ki lè san penalite, plis enterè ak nenpòt frè ki vin genyen.
- Ou kapab itilize montan prè sa a pou achte yon machin nèf oubyen yon dezyèm men nan men yon dilè oubyen nan men yon moun prive.
- Ou kapab itilize montan prè sa a tou pou achte yon kontra lokasyon oubyen refinanse yon prè machin ki te egziste deja.
- Machin ou achte a pral sèvi kòm garanti pou prè a. Si w pa peye prè a, PNC ka sezi machin la epwi li vann li pou konpanse montan prè sa a, plis tout lòt enterè ak nenpòt lòt frè ki akonpanye l.
- To enterè sou prè sa a pral fiks, sa vle di li pap chanje chak mwa.<sup>1</sup>
- Ou pral resewwa yon rapò chak mwa ki gen enfòmasyon enpòtan sou kont sa a. Ou ta dwe li chak rapò sa yo avèk anpil atansyon. Li pral gen ladan l montan ou dwe peye mwa sa a, montan total prè a, epwi montan total ou te peye jiskaprezan, ansanm ak lòt enfòmasyon ak divilgasyon enpòtan sou kont sa a.
- Ou genyen plizyè fason ou ka fè peman a PNC, seswa peyman otomatik ki sòti nan yon kont depo, oubyen èd Sèvis Bankè Sou Entènèt PNC a, oubyen Aplikasyon Mobil PNC a, oubyen nan telefòn, oubyen nan yon ofis local PNC, oubyen pa kourye.

### Prè Check Ready pou Machin

- Si w pa peye chak mwa nan dat presize yo ba ou a, bank la ka chaje w yon frè de reta. Si peyman w yo rejte akòz ou pa gen ase lajan nan kont ou, yo ka fè w peye yon frè pou sa. Frè ki aplikab yo divilge nan akò kont ou a ak nan divilgasyon ki asosye avèk yo a.
- PNC ka rapòte aktivite peyman w yo bay ajans biwo de kredi yo.

### Prè Tradisyonèl pou Machin l

- Si w pa peye chak mwa nan dat presize yo ba ou a, bank la ka chaje w yon frè de reta. Si peyman w yo rejte akòz ou pa gen ase lajan nan kont ou, yo ka fè w peye yon frè pou sa. Frè ki aplikab yo divilge nan akò kont ou a ak nan divilgasyon ki asosye avèk yo a.
- PNC ka rapòte aktivite peyman w yo bay ajans biwo de kredi yo.

**1** Yon to fiks pa chanje pandan dire prè a, men sepandan, si w te genyen yon peyman otomatik, epwi w retire li, li posib ke to a vin ogmante.

Prè Machin Check Ready PNC ak Prè Tradisyonèl pou Machin nan PNC yo depann de aprobasyon kredi a. Genyen restriksyon ak kèk kondisyon ki ka aplike.

PNC ak PNC Bank a se mak depoze The PNC Financial Services Group, Inc.

©2024 The PNC Financial Services Group, Inc. Tout dwa rezève.